


U.S Environmental Protection Agency
WORKER PROTECTION STANDARD
NÒM PWOTEKSYON TRAVAYÈ

WPS FLIPCHART
Pesticide Safety Training for Agricultural Workers

TABLO KONFERANS WPS
Fòmasyon sou Sekirite Pestisid pou Travayè Agrikòl



SAFETY TRAINING FOR AGRICULTURAL WORKERS
PROTECT YOURSELF FROM PESTICIDES



FÒMASYON SOU SEKIRITE POU TRAVAYÈ AGRIKÒL
PWOTEJE TÈT OU KONT PESTISID

EPA has approved this material for training workers on pesticide safety in accordance with the 2015 WPS (40 CR 170).
 The approval number is EPA Worker PST 00009.

This publication was developed by the Association of Farmworker Opportunity Programs under Cooperative Agreement No. 83597001 awarded by the U.S. Environmental Protection Agency. Translation performed by EPA's Office of Civil Rights. Translation review and document layout provided by PERC, a cooperative agreement between the U.S. EPA, Office of Pesticide Programs and the University of California Davis Extension, in cooperation with Oregon State University (Cooperative Agreement No. X8-83616301). EPA made comments and suggestions on the document intended to improve the accuracy of the document; however, the views and/or product endorsements do not necessarily reflect those of the Agency.

Users of training materials MUST use the EPA-approved materials in their entirety and as they are provided, except as provided in the next paragraph. Changes to the content, the order of the information, or images in the presentation by a user may negate the approval for that specific use. However, users may present exercises, handouts, and additional images in their sessions to illustrate the points in the presentation (without adding these to the approved material). It is not necessary for EPA to review these additional materials, as EPA expects that they will not conflict with the original EPA-approved materials.

If a user determines that state- or region-specific information (such as crop specific images and information, or information about state/local regulations that modify those of the WPS) will enhance the presentation for their audiences, EPA prefers for those to be included separately, as described above. If it will be disruptive or impractical from a presentation standpoint (for example, to switch from one presentation to another), EPA agrees that slides – preferably as few as possible - may be added to the presentation. The added slides MUST have a statement that identifies the source, and the slide must look distinct from the EPA-approved materials. It is not necessary for EPA to review these slides, as EPA expects that they will not conflict with the original EPA-approved materials.

EPA's goals with training materials is to ensure that workers and handlers receive clear, accurate information about how they can protect themselves (and others, in the case of handlers) from pesticides, and what their employers must do to protect them (and therefore the worker and handler should heed their employer's directions). EPA has carefully reviewed the materials provided for review, and we recognize that once the materials for 2018 are approved they may be used for many years and in many trainings. It is extremely important that they are of high quality and present information accurately, because of their role in providing critical self-protective information to workers and handlers.



This work is licensed under a Creative Commons Attribution-NonCommercial-ShareAlike 4.0 International License. © 2019 Association of Farmworker Opportunity Programs.



Hello everyone!

My name is _____ and

I am the _____ (job title)

at _____ (where you work).

Thanks for attending this important training.

- Can everyone HEAR me?
- Can everyone SEE the picture?
- Please stop me and tell me if you do not understand something.

OBJECTIVE OF TRAINING:

Today I will provide you with the **Worker Protection Standard (WPS)** pesticide safety training for agricultural workers.

We will go over ways to keep yourself and others safe from pesticide exposure.



Alo tout moun!

Non mwen se _____ epi

Mwen se _____ (tit djòb ou)

nan _____ (kote ou travay la).

Mèsi paske ou patisipe nan fòmasyon enpòtan sa a.

- Èske tout moun kapab TANDE mwen?
- Èske tout moun kapab WÈ foto a?
- Tanpri, kanpe m, epi fè m konn sa si nou pa konprann yon bagay.

OBJEKTIF FÒMASYON AN:

Jodi a mwen pral ba ou fòmasyon sou sekirite pestisid pou travayè agrikòl nan **Nòm Pwoteksyon Travayè** (Worker Protection Standard, WPS).

Nou pral etidye fason pou kenbe tèt ou ak lòt moun an sekirite kont ekspozisyon nan pestisid..



Konbyen nan nou ki te resevwa fòmasyon oparavan sou fason pou pwoteje tèt nou kont pestisid?



How many of you have received training in the past on how to protect yourselves from pesticides?

IMPORTANT: By law, your employer needs to provide you with pesticide safety training before you begin work in an area where you may encounter pesticides or their residues.

- Today's training covers these requirements.
- Agricultural workers must receive this training **every year**.



What are PESTICIDES?

Pesticides are chemicals used to kill, repel or control pests, like insects and weeds, but they can also hurt – or even kill – people.

The law helps protect you from pesticides and pesticide residues found at your work. You can also protect yourself and others by learning about pesticide safety.



ENPÒTAN:: Dapre lalwa, patwon ou dwe ba w fòmasyon sou sekirite pestisid anvan ou kòmanse travay nan yon zòn kote ou ka rankontre pestisid oswa restan pestisid yo.

- Fòmasyon jodi a kouvri egzijans sa yo.
- Travayè agrikòl yo dwe resevwa fòmasyon sa a **chak ane**.



Kisa PESTISID yo ye?

Pesticid yo se pwodui chimik yo itilize pou touye, repouse oswa kontwole vèmin, tankou ensèk ak move zèb, men yo ka fè moun mal tou – oswa menm touye – moun.

Lalwa ede pwoteje w kont pestisid ak restan pestisid ou jwenn nan travay ou. Ou kapab pwoteje tèt ou ak lòt moun tou.





What are PESTICIDE RESIDUES?

Pesticide residues are pesticides that may remain long after being applied.

- Pesticide residues can remain on plants, produce, and equipment many days after pesticides are applied.
- Sometimes you can see and feel the residues like a white sticky substance or light powder.
- On other occasions you may not see the residues but that does not mean they are not there.

Suggested Activity:

- ★ Black Light Demonstration (if it's dark or you can control lighting)
- ★ Baby Powder & Fake Fruit Demonstration

IMPORTANT: Pesticides can be harmful to your health. Your employer is required to apply pesticides in a safe manner, keep you out of areas during pesticide treatment and under restriction. Also, employers must provide you with the information and training you need to minimize your exposure to pesticides.

Your employer must warn you about areas where pesticides have been applied. This information can be found in the application records at the central location. We'll talk more about this information later today.



Kisa ki RESTAN PESTISID?

Restan pestisid yo se pestisid ki gendwa rete byen lontan apre yo te fin aplike yo.


- Restan pestisid yo ka rete sou plant, pwodui, ak ekipman plizyè jou apre yo te aplike pestisid yo.
- Pafwa ou ka wè ak santi restan yo tankou yon sibstans gonmen oswa poud lejè blan.
- Nan lòt okazyon ou pa ka wè restan yo, men sa pa vle di yo pa la.

Aktivite yo Sijere:

- ★ Demonstrasyon Limyè Nwa (si li fènwa oswa ou ka kontwòle ekleraj la)
- ★ Demonstrasyon Poud Tibebe ak Fo Fwi

ENPÒTAN: Pestisid ka nwi sante w. Patwon w oblije mete pestisid yo nan yon fason ki sennesòf, kenbe w lwen zòn yo pandan tretman pestisid la ak anba restriksyon. Epitou, patwon yo dwe ba w enfòmasyon ak fòmasyon ou bezwen pou diminye nèt ekspozisyon w nan pestisid.

Patwon w dwe ba w avètisman pou zòn kote yo te aplike pestisid yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo nan dosye aplikasyon yo nan anplasman santral la. Nou pral pale plis sou enfòmasyon sa yo pita jodi a.






How are pesticides applied at work?

Pesticides can be applied in many different ways, such as:

- Spraying from airplanes or tractors
- Backpack sprayers
- Pellets dropped around the plants
- In the form of a gas applied under a tarp or in a greenhouse



Kijan yo aplike pestisid nan travay?

Yo ka aplike pestisid yo nan plizyè fason diferan, tankou:

- Flite yo apati avyon oswa traktè
- Flite yo avèk sakado
- Lage ti grenn yo toutotou plant yo
- Nan fòm yon gaz yo mete anba yon prela oswa nan yon jaden ki kouvri

IMPORTANT: In order to mix, load, assist in the application or apply pesticides you must be at least 18 years old, an EPA-approved handler, have received safety training and be trained and equipped for specific handler tasks.

ENPÒTAN: Pou w kapab melanje, chaje, ede pou aplikasyon an oswa aplike pestisid yo oumenm, ou dwe gen 18 ane omwen, ou dwe yon moun ke EPA apwouve pou jere pestisid, ou dwe resevwa fòmasyon sou sekirite epi ou dwe antrene ak ekipe pou travay jesyon presi pestisid.



Do you know what PESTICIDE DRIFT is?

Pesticide drift is the movement of pesticide dust or droplets through the air. This movement can happen during application or soon after and may land on workers or other persons who are nearby.



Èske w konnen kisa DRIFT PESTISID ye?

Drift pestisid se mouvman pousyè oswa ti gout pestisid nan lè a. Mouvman sa a kapab rive pandan aplikasyon an oswa touswit apre, epi li kapab ateri sou travayè yo oswa lòt moun ki toupre.

IMPORTANT: Stay out of areas where pesticides are being applied. If pesticides drift to where you are working, get out of the area right away!

ENPÒTAN: Rete lwen zòn kote y ap aplike pestisid. Si pestisid yo flote nan kote w ap travay, soti nan zòn nan touswit!

Suggested Activity:

- ★ Baby Powder & Air Demonstration

Aktivite yo Sijere:

- ★ Demonstrasyon Poud Tibebe ak Lè



Where can you find pesticides at work?

At work, pesticides or their residues can be found on plants, produce, soil, tractors, application equipment, chemigation equipment, used Personal Protective Equipment (PPE).

Pesticides or their residues can also be on other items in your workspace, such as pots, benches, trays, etc. You may not be able to see the pesticides as I said earlier, but they can be there.

Pesticides can also be in **irrigation water** and on **irrigation equipment**. Pesticides can be found in **storage areas, and in places where pesticides are mixed and loaded for application.**




Ki kote ou kapab jwenn pestisid nan travay?

Nan travay, ou ka jwenn pestisid oswa restan pestisid yo sou plant, pwodui, tè, traktè, ekipman aplikasyon, ekipman aplikasyon pwodui chimik, ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE) moun fin itilize.

Pesticid oswa restan pestisid yo kapab tou sou lòt atik nan espas travay ou tou, tankou po, ban, plato, elatriye. Ou gendwa pa kapab wè pestisid la jan mwen te di sa anvan, men yo kapab la.


Pesticid kapab nan **dlo irigasyon** tou ak sou **ekipman irigasyon** yo. Ou kapab jwenn pestisid nan **zòn depo, ak nan andwa kote yo melanje ak chaje pestisid pou aplikasyon an.**



Pesticides can be dangerous for your health if you are not protected from exposure.



Do you know how pesticides can enter your body?



Pestisid yo ka danjere pou sante w si ou pa pwoteje kont ekspozisyon






Èske w konnen kijan pestisid kapab antre nan kò w?

Pesticides can enter your body through your:


- Eyes
- Nose
- Mouth
- Skin

Pou yo antre nan kò w, pestisid yo kapab pase pa:

- Zye
- Nen
- Bouch
- Po



If a pesticide gets on you or inside your body, you might suffer from **Pesticide Poisoning**.



Si yon pestisid vin sou ou oswa andedan kò w, ou ka soufri **Anpwazonman Pesticid**.



Do you know about the health effects from pesticide exposure?

Pesticide exposure can cause **short** and/ or **long** term health effects.

Short-term or acute health effects are symptoms that you may experience immediately or within a few hours of exposure. As shown on the flipchart, these symptoms include:

- Skin rash
- Irritation of nose, throat or eyes
- Drooling or runny nose
- Sweating more than usual
- Dizziness, confusion, nausea, vomiting
- In rare cases, seizure, coma, and death

Long-term or chronic health effects are symptoms that you may experience weeks, months or years after repeated, low-dose exposure to pesticides. These include:

- Cancers
- Asthma
- Reproductive health problems, including infertility, miscarriage, and birth defects



What are delayed effects from pesticide exposure?

Delayed effects may be from an acute or chronic exposure. The effects may not appear for months, years, or even decades after exposure to the pesticide. An example of a delayed effect may be a developmental problem in a child.



Do you know what SENSITIZATION is?

While working you might be exposed to pesticides on your skin and not feel any health effects at first. But you might become sensitive to certain pesticides. It's an allergic reaction, like what happens to people when they brush against poison ivy. In other words, you might not have any symptoms for a while, but you may one day have symptoms. Usually the symptoms are rashes and trouble breathing.



Èske w konnen efè ekspozisyon nan pestisid genyen sou sante?

Ekspozisyon nan pestisid kapab lakòz efè sou sante pou tan **kout** ak/oswa pou tan **long**.

Efè sou sante akoutèm yo oswa egi, se sentòm ou ka vin genyen touswit oswa nan lespas kèk èdtan apre ekspozisyon an. Jan nou montre sou tablo konferans lan, sentòm sa yo gen ladan:

- Gratèl ki leve sou po
- Iritasyon nan nen, gòj oswa zye
- Nen k ap bave oswa nen k ap koule
- Transpire plis pase nòmal
- Vètij, konfizyon, kèplen, vomisman
- Nan ka ki ra, kriz, koma, ak lanmò

Efè sou sante alontèm yo oswa kwonik se sentòm ou ka vin genyen nan plizyè semèn, mwa oswa ane apre w ap plede ekspoze nan dòz fèb pestisid. Sa yo gen ladan:

- Kansè
- Opresyon
- Pwoblèm sante pou fè pitit, ki gen ladan enfètilite, foskouch, ak malfòmasyon nan nesans




Ki efè retade ki genyen pou ekspozisyon nan pestisid?

Efè retade ka soti nan yon ekspozisyon egi oswa kwonik. Efè yo gendwa pa parèt pandan plizyè mwa, ane, oswa menm deseni apre ekspozisyon nan pestisid la. Yon egzanp efè retade gendwa yon pwoblèm devlopman nan yon timoun.



Èske w konnen kisa SANSIBILIZASYON ye?

Pandan w ap travay ou ka te ekspoze nan pestisid sou po w epi ou pa santi okenn efè sou sante w okòmansman. Men, ou ta ka vin sansib ak sèten pestisid. Li se yon reyaksyon alèjik, tankou sa ki rive moun lè yo fwote sou pwa grate. Sa vle di, ou ka pa gen okenn sentòm pou yon ti tan, men yon jou ou ka vin gen sentòm. Anjeneral sentòm yo se gratèl ki leve sou po ak pwoblèm pou respire.



Being in contact with pesticides can be harmful, especially during pregnancy.


Pregnant women exposed to pesticides may put their health and the health of their unborn child at risk.

Exposure to pesticides during pregnancy may lead to miscarriages, pre-term births, and low birth weight.

Pesticides can also cause harm to children because their systems are still developing and their bodies are small.

Pregnant mothers risk pesticide exposure from their worker spouses. It is important for everyone in the household to take precautions to reduce their exposure to pesticides.

IMPORTANT: There are hazards to children and pregnant women from pesticide-treated areas. It is important to keep children and non-working family members away from areas treated with pesticides.



Lè ou an kontak avèk pestisid, sa kapab danjere sitou pandan gwosès.

Fanm ansent ki ekspoze nan pestisid gendwa riske sante pa yo ak sante timoun yo ki poko fèt la.

Ekspozisyon nan pestisid pandan gwosès ka lakòz foskouch, nesans prematire, ak pwa ki fèb nan nesans.

Pestisid ka lakòz domaj nan timoun yo tou paske sistèm yo ap devlope toujou epi kò yo piti.

Manman ansent riske ekspoze nan pestisid akòz mari yo ki travayè. Li enpòtan pou tout moun nan kay la pran prekosyon pou redui ekspozisyon yo nan pestisid.

ENPÒTAN: Gen danje pou timoun ak fanm ansent nan zòn ki trete ak pestisid yo. Li enpòtan pou kenbe timoun yo ak manm fanmi ki p ap travay yo lwen zòn ki trete ak pestisid yo.



Taking precautions is very important to avoid pesticide exposure.



How can you protect yourself from pesticide exposure at work?



Li enpòtan anpil pou pran prekosyon pou evite ekspoze nan pestisid.



Kijan ou kapab pwoteje tèt ou kont ekspozisyon nan pestisid nan travay?

At WORK you should:

- Wear clean clothes to work each day
- Wear long pants
- Wear long-sleeved shirts
- Wear closed-toe shoes or boots with clean socks

You may also protect yourself by:

- Covering your neck and mouth with a bandana
- Wearing your own clean gloves while working
- Wearing a clean hat each day or one that can be washed daily

IMPORTANT: It is very important to wear clothes that cover most of your skin when you are working in areas where pesticides have been applied.

Suggested Activity:

- ★ Adequate work clothing demonstration

IMPORTANT: Pesticide handlers and early entry workers must wear the Personal Protective Equipment (PPE) as required on the pesticide label. Employers must provide the PPE.

Nan TRAVAY ou kapab:

- Mete rad pwòp pou w travay chak jou
- Mete pantalon long
- Mete chemiz manch long
- Mete soulye oswa bòt ki fèmen, avèk chosèt ki pwòp

Pou pwoteje tèt ou tou, ou kapab:

- Kouvri kou w ak bouch ou ak yon bandana
- Mete pwòp gan pwòp ou pandan w ap travay
- Mete yon chapo pwòp chak jou oswa youn ki ka lave chak jou

ENPÒTAN: Li enpòtan anpil pou w mete rad ki kouvri pifò pati nan po w lè w ap travay nan zòn kote yo te aplike pestisid.

Aktivite yo Sijere:


- ★ Demonstrasyon rad ki bon pou travay

ENPÒTAN: Moun k ap jere pestisid yo ak travayè ki antre bonè yo dwe mete Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) jan yo egzije sou etikèt pestisid la. Patwon yo dwe bay PPE a.



Another important way of reducing your exposure to pesticides is by washing your hands.

Employers must provide water, soap and disposable towels for washing up after you leave the area where there may be pesticides.



Yon lòt fason enpòtan pou redui ekspozisyon w nan pestisid, se lave men w.

Patwon yo dwe bay dlo, savon ak sèvyèt jetab pou w lave kò w apre ou kite zòn kote kapab genyen pestisid.



When should you wash your hands?

You should make a habit of washing your hands with plenty of soap and water, especially:

- Before and after you use the **restroom**
- Before you **eat**
- Before you **drink**
- Before you **smoke, chew gum or tobacco**
- Before you use your **cell phone**

Make sure to dry your hands with a **disposable towel**.

Also, as soon as you can after working in a pesticide-treated area, wash or shower using soap, shampoo and water, and change into clean clothes.

Residues remaining on your work clothes can hold pesticides on your skin, and they can be absorbed, posing health risks over time.

Wash your work clothes before you wear them again to reduce this exposure.



Kilè ou dwe lave men w?

Ou dwe pran abitud lave men w avèk anpil savon ak dlo, sitou:



- Anvan w al nan twalèt ak apre ou sot nan **twalèt**
- Anvan w **manje**
- Anvan w **bwè**
- Anvan w **fimen, moulen chiklèt oswa tabak**
- Anvan w itilize **telefòn selilè w**

Asire ke w seche men w avèk yon **sèvyèt jetab**.

Epitou, sito w kapab apre w fin travay nan yon zòn ki trete ak pestisid, sèvi avèk savon, chanpou ak dlo pou w lave kò w oswa pou w pran douch, epi mete rad pwòp.

Restan pestisid ki rete sou rad travay ou kapab kenbe pestisid sou po w, epi ou ka absòbe yo, sa ki lakòz risk pou sante w apre yon sèten tan.

Pou diminye ekspozisyon sa a, lave rad travay ou anvan w mete yo ankò.



If someone swallows a pesticide:

- Get medical help as soon as possible!
- Call 9-1-1 or go to the doctor, if it's faster.
- Check the pesticide label or Safety Data Sheet (SDS), if handy, for first aid for ingestion because some poisonings can be made worse by making the person vomit.
- If readily available, give the SDS or the pesticide label to the doctor for proper treatment.

If you get pesticides on your skin or clothes:

- Take off the clothes that have pesticides on them.
- Rinse your skin right away! Use the hand wash supplies or the nearest clean water, such as a stream, lake or other source, if the hand wash supplies are far away.
- Wash with soap and water and shampoo hair as soon as possible.
- Change into a clean set of clothing – don't put on the clothes that have pesticides on them.
- If you see a doctor, tell them any symptoms you have and what happened.

Your employer must post the address of the nearest medical facility at the central location. If pesticides drift on you while you are working, or if you get them on your skin any other way, you should wash them off right away using water and soap!

Suggested Activity:

- ★ Demonstrate the correct way of taking off a shirt contaminated with pesticides.

IMPORTANT: If you are exposed, or you think you have been exposed, to a pesticide while working, your employer has to get you to a medical facility and give information, including the SDS, product information, and details about the exposure to the doctors. Not all pesticides have the same first aid steps. That's why it is important to bring with you the name of the pesticide, the pesticide label and its Safety Data Sheet (SDS) in order to receive the right treatment.



Si yon moun vale yon pestisid:

- Jwenn èd medikal pi vit ou kapab!
- Rele 9-1-1 oswa ale kay doktè, si sa pi rapid.
- Si w genyen l sou lamèn, tcheke etikèt pestisid la oswa SDS la pou premye swen lè w vale pestisid la, paske sèten anpwazonnman ka vin pi mal si w fè moun nan vomi.
- Si li disponib fasilman, bay doktè a SDS la oswa etikèt pestisid la pou yon tretman ki apwopriye.

Si pestisid vin sou po w oswa sou rad ou:

- Wete rad ki gen pestisid sou yo a.
- Rense po w touswit! Sèvi ak founiti pou lave men yo oswa sèvi ak dlo pwòp ki pi pre a, paregzanp yon ti larivyè, lak oswa lòt sous dlo, si founiti pou lave men yo byen lwen.
- Lave cheve w avèk savon ak dlo ak chanpou pi vit ou kapab.
- Mete rad pwòp – pa mete rad ki gen pestisid sou yo a.
- Si w al wè doktè, di yo nenpòt sentòm ou genyen ak kisa ki te rive.


Patwon w dwe afiche adrès sant medikal ki pi pre a nan anplasman santral la. Si pestisid yo vole sou ou pandan w ap travay, oswa si yo vin sou po w nan nenpòt lòt fason, ou dwe **sèvi avèk dlo ak savon touswit pou w lave kò w pou w retire yo!**

Aktivite yo Sijere:

- ★ Demontre fason ki kòrèk pou wete yon chemiz ki kontamine avèk pestisid yo.

ENPÒTAN: Si w ekspoze, oswa ou panse ou te ekspoze, nan yon pestisid pandan w ap travay, patwon dwe fè w jwenn yon etablisman medikal epi bay doktè yo enfòmasyon, ankontan SDS la, enfòmasyon sou pwodui a, ak detay sou ekspozisyon an. Se pa tout pestisid ki gen menm etap yo pou premye swen. Se poutèt sa, li enpòtan pou w pote non pestisid la, etikèt pestisid la ak fich done sekirite pestisid (Safety Data Sheet, SDS) dekwat pou w resevwa bon tretman an.





?

What should you do if you get pesticides in your eye?

Pesticides can cause serious damage to your eyes, a few can even cause blindness.

Eye damage can happen fast! If a pesticide gets in your eyes, you must take steps to remove the pesticide and get medical attention immediately.

Follow these steps:

- Hold your eye open with your fingers.
- Rinse eye for 15 minutes with a gentle stream of cool water, holding the affected eye lower than the other so it doesn't contaminate the unaffected eye.
- **Get medical help right away!**

Suggested Activity:

- ★ Demonstrate the correct way of rinsing contaminated eye

?

Kisa ou dwe fè si pestisid antre nan zye w?

Pestisid ka lakòz domaj grav nan zye w, kèk nan yo ka menm lakòz ou vin avèg.


Domaj nan zye ka fèt byen vit! Si yon pestisid antre nan zye w, ou dwe pran dispozisyon pou retire pestisid la ak pou w jwenn swen medikal san pèdi tan.

Swiv etap sa yo:

- Kenbe zye w louvri avèk dwèt ou.
- Rense zye w pandan 15 minit ak yon jè dlo fre lejè, pandan ou kenbe zye ki afekte a pi ba pase lòt zye a pou li pa kontamine zye ki pa afekte a.
- **Al chèche swen medikal touswit!**

Aktivite yo Sijere:

- ★ Demontre fason ki kòrèk pou rensè zye ki kontamine a



If you are working in an enclosed area, like a greenhouse, get out into fresh air if you think you are being exposed to pesticide vapors, especially if you are feeling sick, dizzy, or are having trouble breathing.



Si w ap travay nan yon zòn ki fèmen, paregzanp nan yon jaden kouvri, ale deyò nan lè fre si w panse ou te ekspoze nan vapè pestisid, sitou si w santi ou malad, ou gen toudisman, oswa ou gen pwoblèm pou respire.

IMPORTANT: Never try to rescue someone who has passed out in an enclosed area unless you have special training and breathing equipment. You don't want to become the second victim. Find someone who can help.

If someone gets sick from breathing a pesticide, follow these steps:

- Notify your employer.
- Get the victim to fresh air.
- Loosen his/her clothing.
- Call 9-1-1 for help.
- If there is a certified person to provide CPR, proceed to provide mouth-to-mouth if the worker is not breathing.

Remember, if someone passes out in an enclosed area, get help immediately. DON'T GO IN!

ENPÒTAN: Pa janm eseye bay sekou pou yon moun ki endispoze nan yon zòn ki fèmen sof si ou gen **fòmasyon espesyal ak ekipman pou respirasyon.** Ou pa dwe vin yon dezyèm viktim. Jwenn yon moun ki kapab ede.

Si yon moun vin malad akòz li respire yon pestisid, swiv etap sa yo:

- Avèti patwon w.
- Mennen viktim lan nan lè fre.
- Lache rad ki sou li.
- Rele 9-1-1 pou jwenn èd.
- Si gen yon moun ki sètifye pou bay CPR, konmanse fè bouch-a-bouch si travayè a p ap respire.

Sonje byen, si yon moun pèdi konnesans nan yon zòn ki fèmen, mande èd san pèdi tan. PA ANTRE!





What should you do if you are suffering from pesticide poisoning?

Tell your employer immediately if you or someone else gets sick at work. If you begin to feel sick or if your skin, eyes, or throat hurt, get medical help right away.

If you believe you have been exposed to pesticides while working, and you need emergency medical treatment, your employer must:

- Make transportation available to you to an appropriate emergency medical facility.
- Provide to the treating medical personnel information related to each pesticide product to which you may have been exposed.

These include:

- Safety Data Sheet(s)
- Product name, EPA registration number, and active ingredient(s)
- Description of how the pesticide was used on the agricultural establishment
- Description of how you were exposed to the pesticide



Kisa ou dwe fè si w viktim anpwazonnman pestisid?

Di patwon w sa san pèdi tan si oumenm oswa yon lòt moun vin malad nan travay. Si w kòmanse santi w malad oswa si po w, zye w, oswa gòj ou fè w mal, chèche èd medikal touswit.

Si w kwè ou te ekspoze nan pestisid pandan w ap travay, epi ou bezwen tretman medikal ann ijans, patwon w dwe:

- Mete transpò aladispozisyon w pou mennen w nan yon etablisman medikal ijans ki apwopriye.
- Bay pèsonèl medikal k ap fè tretman an enfòmasyon anrapò ak chak pwodui pestisid ou te petèt ekspoze ladan.

Sa yo gen ladan:

- Fich Sekirite Done (yo)
- Non pwodui a, nimewo anrejistreman EPA, ak engredyan aktif (yo)
- Deskripsyon sou fason yo te itilize pestisid la nan etablisman agrikòl la
- Deskripsyon sou fason ou te ekspoze nan pestisid la





How can I learn about what pesticides I have been exposed to at work?

While you are employed, you can refer to the application records to find the pesticides you were exposed to and the Safety Data Sheets to find what health symptoms those pesticides might cause.

If you are not comfortable asking your employer for those records, you can choose someone to act on your behalf to get the records from your employer. That designation must be made in writing.



Who can be a DESIGNATED REPRESENTATIVE?

A designated representative can be anyone you choose and trust - a co-worker, spouse, union representative, social worker, an attorney or a person from a farmworker organization. The person has to be designated in writing by the worker.



What is the CENTRAL LOCATION?

The central location is any area the employees are likely to pass by or congregate where the information can be readily seen and read.



Have you ever experienced any of these symptoms? What did you do?



Kijan mwen ka jwenn enfòmasyon sou ki pestisid mwen te ekspoze ladan nan travay mwen?

Pandan w ap travay, ou kapab gade nan dosye aplikasyon yo pou jwenn pestisid ou te ekspoze ladan an, ak nan Fich Done Sekirite yo pou w jwenn ki sentòm sante pestisid sa yo ka lakòz.

Si ou pa alèz pou w mande patwon w dosye sa yo, ou ka chwazi yon moun pou aji onon w pou w jwenn dosye yo nan men patwon w. Ou dwe deziyen moun sa alekri.



Kimoun ki ka yon REPRESENTAN DEZIYEN?

Yon reprezantan deziyen ka nenpòt moun ou chwazi e ke w fè konfyans - yon kòlèg travay, mari/madanm ou, reprezantan sendika, travayè sosyal, yon avoka oswa yon moun ki soti nan yon òganizasyon travayè agrikòl. **Travayè a dwe deziyen moun nan alekri.**




Kisa ki ANPLASMAN SANTRAL la?

Anplasan santral la se nenpòt zòn kote anplwaye yo gen anpil chans pase oswa rasanble, kote yo ka wè ak li enfòmasyon fasilman.



Èske w te santi nenpòt nan sentòm sa yo deja? Kisa w te fè?



Your employer must warn you about the areas where pesticides are to be applied. You should stay away from areas during applications. After the application is done, information about the application can be found in the posted application records on the establishment.



Patwon w dwe avèti w konsènan zòn kote yo gen pou yo aplike pestisid. Ou dwe rete lwen zòn yo pandan aplikasyon yo. Apre yo fin fè aplikasyon an, ou ka jwenn enfòmasyon sou aplikasyon an nan dosye aplikasyon yo afiche nan etablisman an.

After a pesticide is applied, your employer must post the following application information at the central location:

- Information about the pesticide applied
- Location and description of where it was applied
- Date when pesticide was applied and when the application ended
- The Restricted Entry Interval (REI)

Your employer must provide you with basic pesticide information at the central location, including:

- The information about the application
- The Safety Data Sheets (SDS)
- The pesticide safety poster, with reminders about how to protect yourself from pesticides

The **SAFETY DATA SHEET (SDS)** provides information about pesticide health hazards, emergency first aid, and other information about pesticides used at your workplace. Using the application information and the SDS, you can determine what pesticides you may be exposed to and what kinds of risks they pose, and important information about first aid.



Do you know where the Central Location is on this establishment?

Your employer will tell you the location of the pesticide safety poster, the application information, and the SDS. You must have access to the information during normal working hours.

Apre yo fin aplike yon pestisid, patwon w dwe poste enfòmasyon aplikasyon annapre la yo nan anplasman santral la:

- Enfòmasyon sou pestisid yo te aplike a
- Anplasman ak deskripsyon kote yo te aplike pestisid la
- Dat yo te aplike pestisid la ansanm avèk kilè aplikasyon an te fini
- Entèval Antre Restren (Restricted Entry Interval, REI)

Patwon w dwe ba w enfòmasyon debaz sou pestisid nan anplasman santral la, tankou:


- Enfòmasyon sou aplikasyon an
- Fich Done Sekirite yo (Safety Data Sheet, SDS)
- Afich sou sekirite pou pestisid la, avèk rapèl sou fason pou pwoteje tèt ou kont pestisid yo

FICH DONE SEKIRITE (SDS) a bay enfòmasyon sou danje pestisid la pou sante, premye swen dijans, ak lòt enfòmasyon sou pestisid yo itilize nan espas travay ou. Lè w sèvi ak enfòmasyon sou aplikasyon an ak SDS la, ou ka jwenn nan ki pestisid ou te ekspoze ak ki kalite risk yo reprezante, ak enfòmasyon enpòtan sou premye swen.



Èske w konnen kikote Anplasman Santral la ye nan etablisman sa a?

Patwon w ap di w kikote afich sekirite pestisid la ye, enfòmasyon sou aplikasyon an, ak SDS la. Ou dwe gen aksè nan enfòmasyon yo pandan lè nòmal travay yo.





What do you see in this illustration?



Have you seen a sign like this one?



Kisa ou wè nan egzanp sa a?



Èske w te wè yon siy tankou siy sa a?

Suggested Activity:

- ★ Show the WPS warning sign

Aktivite yo Sijere:

- ★ Montre siy avètisman WPS la.



What should you do if you see this sign?

If you see this sign, or one like it, **keep out!** This sign means that pesticides have been used in that area.

Listen to your employer! Stay away from areas where indicated.



What is the APPLICATION EXCLUSION ZONE?

The **application exclusion zone (AEZ)** refers to the area surrounding application equipment that must be free of all persons other than appropriately trained and equipped handlers during pesticide applications.

- The applicator must suspend the application of a pesticide while any worker or other person is within the AEZ.

Recognize and stay out of the Application Exclusion Zone (AEZ)

IMPORTANT: If pesticides are being applied where you are working, leave the area immediately.



Kisa w dwe fè si w wè siy sa a?

Si w wè siy sa a, oswa yon siy tankou li, **rete aleka!** Siy sa a vle di yo te itilize pestisid nan zòn sa.

Koute patwon w! Rete lwen zòn yo endike yo.



Kisa ki ZÒN ESKLIZYON APLIKASYON?

Zòn esklizyon aplikasyon an (Application Exclusion Zone, AEZ) vle di zòn ki toutotou ekipman aplikasyon an ki pa dwe gen okenn moun ladan pandan aplikasyon pestisid la apa moun ki antrene ak ekipe nan fason ki apwopriye pou jere pestisid.

- Aplikatè a dwe sispann aplikasyon yon pestisid pandan nenpòt travayè oswa lòt moun andedan AEZ an.

Rekonèt epi rete deyò Zòn Esklizyon Aplikasyon an (AEZ)

ENPÒTAN: Si y ap aplike pestisid kote w ap travay, kite zòn nan san pèdi tan.





What is the REI?

REI means **Restricted Entry Interval**.

An REI is the time you must wait to enter an area after a pesticide has been applied.

Your employer must either orally notify you, or post warning signs, of areas under an REI. You can also find information about areas under an REI in the application records, located at the central location.

Your employer must remove the warning sign before directing you to enter the area, unless you have been provided the early entry protections.

